Гъагъэ, ефIакIуэ, ди Хэку уардэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ГЪАМЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№179 (21.087) ● 2007 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 11, гъубж ● Тхьэмахэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ХьэщIэхэм дагъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуам теухуа махуэшхэр республикэм и цIыхухэм дагъэлъэпIэну КъБР-м и кьалащхьэ Налшык къэкIуа хьэщIэ хэм яхэтащ УФ-м и Правительствэм и вице-премьер **Нарышкин Сергей**, Урысей Федерацым и Президентым и полномочнэ лIыкIуЗу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ **Козак Дмитрий**, Налшык аэропортым абыхэм щалущащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, Парламентым и УнафэщI **Бечелов Илъас**, республикэм и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**, Президентым и Администрацэм и Унафэщ **Къэжэр Альберт**.

КъБР-м и Президентыр я гъусэу хьэщIэхэр щылащ махуэшхуэм ирихьэлIэу Налшык къалэм щауха а объектыщIэхэм: Зэныб жьэгуфгъэм и Мемориал аркэм, КъБКъУ-м и еджапIэ унэщIэу иджыблагъэ кьыхэзIуахам, Зэгурыуэныгъэм и ут кьагъэщIэрэщIэкам, КъБР-м и апэ Президент КIуэрэз Валерий и фэеплым, Налшык и Предгорнэ хьэблэм щащIа школыщIэ №32-м, Вольнэ Аул жылагъуэм щауха спорт комплексыщIэм.

Хьэщ1эхэр апхуэдэу щыIащ Равноапостольнэ Магдалинэ Марие и цIэкIэ ящхуэ православнэ члисэм. Абы нужькIэ Нарышкин Сергейрэ Козак Дмитрийрэ кIуащ Правительствэм и Унэм, Ипщэ Федеральнэ щыналъэм и гупсысэ псоми кьыкIа делегацэхэр ирагъэбгъэлъагъуэ Правительствэм и Унэм щращIэкI гуфIэгъуэм. Делегацэхэм я Iэтащхьэхэм кьаГущащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Къэзэор Альбер ъ Хьэщ1эхэм республикэм хуагъэхьэзыра тыгъэ-хэр хъратащ езыхэми махуэшхэм ирихьэлIэу кьыдагъэкIа медальр тыгъэ хуащIащ.

Хьэщ1эхэр егъэблагъэнырэ зэрIэкIа нэужь, ахэр промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я ехьулIэныгъэхэр щагъэлъагъуэ кьалэ паркым и аллее нэхъыщхьэм щыIащ, абы и ужькIэ ахэр хэтащ щIэрыщIэу зэрагъэпэщыжа Театр Щхьэнтий щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапl э.

Лъэхъэнэхэр зэпещIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу республикэм щрагъэкIуэкIа уухэныгъэ хэм ящыщу тхыдэ мыхьэнэ зиIэр Налшык къалэ кьыдыхьэнIэм щауха Мемориал аркэрщ. ФокIадэм и 8-м а уухэныгъэ екIур кьыхэIуахащ.

ГУФIЭГЪУЭ зэIущIэм хэтащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, Правительствэм и Аппаратым и тхьэмадэ, **Нарышкин Сергей**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ **Козак Дмитрий**, КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен**, хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм кьынкIа хьэщIэ лъапIэхэр, КъБР-м и министерствэхэм, ведомствэхэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр, республикэм щыпсэуэхэр.

ЗэIущIэр кьыхэIуихащ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Хьэмгъуокъу Леонид**. «Нобэ дэ догъэлъапIэ зи лIабжьэр жьыкъ кьыщежьэ, кьыпхуэмыльытэн хуэдэу мыхъэнэ гъэр зиIэ махуэшхуэ, - жиIащ Хьэмгъуокъум. - КъБР-р Урысейм дамэгъу зэрыкIуэхъурэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щыхькIэ яуха мы щIэкIыпIэр, щэн хэмылъу, зэкъуэтыныгъэм, лъэпкъхэм я зэхуакъ дэпъ зэныбжьэгъугъэм и нэщанэ хъунущ икIи ди цIыхухэм ягу къигъэкIыжынущ жыжьапIэу къыщIэкIа ди нэ хьыжьхэм лIэщIыгъуэ зыбжанэ и пэкIэ кьыхаха лъагъуэр щыжьыныгъэм и гъэгу зэрыхъуар. Апхуэдэу абы фIыщIэ яхунщIащ Мемориал аркэр ухуэныр кьыхэзыльхьаикIи абы зи мыльку хэзылъхьа КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, ухуэныгъэ дахэр махуэшхэм ирихьэлIэу цIыхухэм тыгъэ яхуэзыщIа ухуакIуэхэм.

Адэкlэ кьызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ ехьуэхуащ **Нарышкин Сергей.**

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми Урысеймии догъэлъапIэ тхьадэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэ, - жиIащ УФ-м и Правительствэм и Аппаратым и Унафэщым. - ЛъэныкъуэтIри а Iуэхум зэрыхущIемыгъуэ жьам и щыхьэтщ нобэрей махуэшхуэр, абы и щIыхькIэ яуха «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъэсу» псалъэхэр зытетха Мемориал аркэр. Сэ щэч кьытесхьэркъым мы ухуэныгъэр щIэбгъэм кьызыхэкIа пъэпкъым и тхыдэр ящIэу кьэтэджьыным, гъащIэщIэ ухуэнми жыджэру хэтыным сэбэн зэрыхуэхъунум.

- Лъэпкъым и къэкIуэнум егупсысу XVI лIэщIыгъуэм нкуэм ди нэхъыжьыфIхэм яча лъэбакъуэр зэрыдэтIыгъым, Урысейм рэ КъБР-мрэ щыпсэуэхэм лIэщIыгъуэкIэрэ яку дэпъу кьекIуэкIа зэныбжьэгъугъэм дызэрыхуэпажьэм аркэр и щыхьэтщ, - жиIащ **Кьанокъуэ Арсен.** - АбыкIэ дэ кьыдогъэлъагъуэ зэкъуэшыгъэр, зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным зи гуащIэ хэзылъхьа цIыху щэджащэхэм яхуэтщI пщIэр зыхуэзэр. Ди блэкIам кууэ дыхэпльэжьыхькIэ, нэхъыфIу зыхыдощIэ ди кьэкIуэнур зыхуэдэнур. Урысейм етщIыпIа зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ, КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щхьэхуитныгъэр, я бзэр, щэнхабзэр яхъумэжащ, абы кьыдэкIуэри экономикэ, социальнэ я лъэныкъуэкIэ республикэм хэпщIыкIыу зиужащ.

Президентыр тепсэлъыхьащ зэман гъэнэгъум ди республикэр Хь-м и субъект нэхъ зызыжьхьахэм яхьыхьным, ди Хэкущхуэм и жэнэт щIыналъэ хъуным хуэунэтIауэ лэжьыгъэщхэ зэрызэфIагъэкIым икIи кьыхигъэщащ апхуэдэ хъэпсапIэхэр нахуапIэ зыщIыфын щIыху Iущхэр республикэм зэримышащэр, кьаIэт Iуэхуэгъэр кьыдэзыIыгъын къэрапIыгъуэ лъэщым зэрыщIыпсэур.

ЛентI плъыжьыр зэпауплIри, гуфIэгъуэм хэтхэм Мемориал щIэкIыпIэм и бгъуитIым удз гъэгъахэр ягъэуващ.

Адэкlэ республикэм и унафэщIхэри кьебгъэла хьэщIэхэри Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIэкIэ щыIэ кIуэри, Марие (Гущэнэ) и фэеплъ сыним удз гъэгъахэр трагъэхьащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Фэеплъ сыным деж щызэIущIащ хьэщIэ лъапIэхэмрэ бысымхэмрэ.
2007 гъэ, фокIадэм и 8

● Хъуэхъу телеграммэхэр

Хуэфащэ увыпIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къаралым зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуар щагъэлъапIэм ирихьэлIэу КъБР-м къэкIуащ Урысейм и щIыпIэ псоми, нэгъуэщI къэралхэми кIыкI хъуэхъуэхэр.

Кремлми кьикIыу хъуэхъу телеграммэ Налшык къэкIуащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм къехъуэхъуащ Урысейм и Президент Путин Владимир:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А.Б., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм я деж

СЫНЫВОХЪУЭХЪУ Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къаралым зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуамкIэ. Фи республикэм и тхьдэр кьыгуэхьипIэ имыIэу пыщIащ Урысейм и къэкIуэнкIам. Фи щIыналъэ гъуэзэджэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм, фи хэкуэгъу цIэрыIуэхэм фаригушхуэну яхуэфащэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нобэ бгъэдэлъщ и экономикэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, социальнэ Iэнатlэм щэщIауэ зригъэужьын щхьэкIэ зыхуей лъэщагъ.

Быдэу си фIэщ мэхъу лъэпкъхэм яку дэпъ зэгурыIуэныгъэр, фи щIыналъэм игъэт гульытэр, лжьыгъэкIэ кьыздекIуэкI хабзэ быдэхэр зэхъуэжьыныгъэфIхэм лъабжьэфI зэрахуэхъунур. Мамырыгъэ, зэIуэпэщыныгъэ фиIэну, фIыуэ щыIэр кьывэхъулIэну си гуапэщ.

ПУТИН Владимир.

* * *

ПщIэ зыхуэпащI Арсен Башир и къуэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэхэу пщIэ зыхуэпащIхэ!

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и цIэкIэ сыныбохъуэхъу мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуэмкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къаралым зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуамкIэ!

Къэбэрдей, итIанэ Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIэкIэ щыIэ кIуэри, Марие (Гущэнэ) и фэеплъ сыним удз гъэгъахэр трагъэхьащ.

Ди мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэфIхэр кьырикIуащ Урысейм дежкIи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щыпсэу лъэпкъхэм я дежкIи. Абы Iэмал кьитащ, зы лъэныкъуэкIэ, абыхэм я щэнхабзэр, я бзэр, игъащIэ пъандэрэ кьадекIуэкI хабзэхэр хьума хъунымкIэ, нэгъуэщI пъэныкъуэкIэ - Урысей къэрапIыгъуэр Кавказ Ищхьэрэм щыгъэбыдэнымкIэ.

ЛIэщIыгъуэплIрэ нэкIыгъэр хъуэ зэкъуэтныныгъэр - Урысей Федерацэм щыпсэу пъэпкъхэм я унагъуэр игъащIэкIэ зэрыщыIэнум икIи зэрымыкъутэжнум и щыхьэт наIуэщ.

Илъэрей пъэхъэшэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр адрейхэм я къэзрыщхьэщыкI нэщэнэщ экономикэ лъэщагъ ин зэрыбгъэдэтыр икIи IпщэфIэ Федеральнэ округым и адрей щыналъэхэм я деж хуэфащэ увыпIэ зэрыщиIыгъыр. Республикэм и нобэрей унафэщIхэр жьыдэру икIи сэбэныныгъ пьытIу хуэлажьэ мы щыпIэр инвестицэхэр хэтлъхьэн и пъэныкъуэкIэ, псом хуэмыдэу Сочи къалэм 2014 гъэм щIэуэнымрэ ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэм ехьэлIауэ удэзыхьэх щыным. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыхухэм лэжьыгъэр зэрыщIэлъ зэмыльэужьыгъуэхэм. Зэкъуэтныныгъэмрэ зэпIэзэрытынныгъэмрэ щыхъумэныр икIи щыгъэбыдэныр. Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэр, цIыхухэм зыубгъуауэ къаззрыуэтыр я тепъэщIапIэу, республикэм щыIэ щытыкIэр зэIыгъэхьэным хущIэкъу терроризм къарухэм дяпэки тегушхуэныгъэ яхэлъу зэрапащIэтыфынур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр гъэгъэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм зэIузэпэщыгъэ, екъулIэныгъащIэ инхэр яIэну сохъуэхъу.

ГРЫЗЛОВ Борис,
Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къурал Думэм и УнафэщI, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и унафэщI.

* * *

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIыхубзэм ягъэльапIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ пIалъэр - адыгэзэмрэ балъкъэрхэмрэ езыхэм ярIэфIу Урысей къаралым зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуам.

1557 гъэм адыгэпщI Идар Темрыкъуэ и жэрдэмкIэ ди лъэпкъхэм зэращIылIауэ щытащ иужькIэ куэдрэ кьахуэщхьэтэжа политикэ союзыр, урыс пащтыхь Грозный Иван ЕплIанэмрэ къэбэрдей пщы узлийм ипхъу Мариерэ я хьэгъуэлIыгъуэр зи щIэныкъуэкIэ, абыхэм я щэнхабзэр, я бзэр, игъащIэ пъандэрэ кьадекIуэкI хабзэхэр хьума хъунымкIэ, нэгъуэщI пъэныкъуэкIэ - Урысей къэрапIыгъуэр Кавказ Ищхьэрэм щыгъэбыдэнымкIэ.

ЛIэщIыгъуэплIрэ нэкIыгъэр хъуэ зэкъуэтныныгъэр - Урысей Федерацэм щыпсэу пъэпкъхэм я унагъуэр игъащIэкIэ зэрыщыIэнум икIи зэрымыкъутэжнум и щыхьэт наIуэщ.

Илъэрей пъэхъэшэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр адрейхэм я къэзрыщхьэщыкI нэщэнэщ экономикэ лъэщагъ ин зэрыбгъэдэтыр икIи IпщэфIэ Федеральнэ округым и адрей щыналъэхэм я деж хуэфащэ увыпIэ зэрыщиIыгъыр. Республикэм и нобэрей унафэщIхэр жьыдэру икIи сэбэныныгъ пьытIу хуэлажьэ мы щыпIэр инвестицэхэр хэтлъхьэн и пъэныкъуэкIэ, псом хуэмыдэу Сочи къалэм 2014 гъэм щIэуэнымрэ ЩIымахуэ Олимп Джэгуэхэм ехьэлIауэ удэзыхьэх щыным. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыхухэм лэжьыгъэр зэрыщIэлъ зэмылIэужьыгъуэхэм. Зэкъуэтныныгъэмрэ зэпIэзэрытынныгъэмрэ щыхъумэныр икIи щыгъэбыдэныр. Си фIэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIхэр, цIыхухэм зыубгъуауэ къаззрыуэтыр я тепъэщIапIэу, республикэм щыIэ щытыкIэр зэIыгъэхьэным хущIэкъу терроризм къарухэм дяпэки тегушхуэныгъэ яхэлъу зэрапащIэтыфынур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр гъэгъэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм зэIузэпэщыгъэ, екъулIэныгъащIэ инхэр яIэну сохъуэхъу.

ГРЫЗЛОВ Борис,
Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къурал Думэм и УнафэщI, «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и унафэщI.

* * *

Хъуэхъу телеграммэхэр КъБР-м и унафэщIхэм я цIэкIэ къэкIуэ официальнэу щыт юбилей зуфIэгъуэхэр егъэкIуэкIыным зэрыкIэ нэужь.

Долинск и «налкъут» Театр Щхьэнтий

Налшык щызэхэта гуфIэгъуэ зэIущIэхэм нэублэ яхуэхъуахэм ящыщщ Долинск щыIэ Театр Щхьэнтий фокIадэм и 7-м щекIуэкIа пшыхьыр.

ЩIэрыщIэу яхуэхъуа-гъэмахуэ концерт гъэлъэгъуапIэр къыщыщэIуахьым, махуэшхуэм къаригъэблагъэ хьэщIэхэр и гъуэсэу, абы щыIащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен.**

Концертыр зэхаублащ **Темыркъан Борис** зи унафэщI Къэрал симфоние оркестрым игъэзэщIа макъамэхэмкIэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Хъупсырджэн Албэч** жиIа уэрэдымкIэ.

Театрыщ1эм и утыкур махуэшхуэм екIуу хуагъэщIэрэщIат: сценэм и зы къуапэ лъэныкъуэмкIэ Гущэнэ и фэеплъым и теплъэр, адрей лъэныкъуэмкIэ Кремль чащанэм хэт члисэм и макетыр щыплъагъур. А щкор зэгъэдахэрт нэху бзий зэмыфэгъуэхэм.

«Къурш джэрпэджэж» макъамэ-хореографие композицIэ дахэ ягъэзэщIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен** зи унафэщI бзэгъэнаУ щIалэ цIыкIу гупымрэ суратыщI-модельер **Шортэн Светланэ** и гъэсэн пщащхэмрэ. Бзэрбанэ макъым щIэту, фащэ дахэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ утыкум кьыхьа хъыджэбз цIыкIуэхэми «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэу» псалъэхэр зыхэдыкIа бостей гъэзэджэр зыгъэлъэгъуа пщащэмэ Iэгуэушхуэ хуалIэтащ.

Балэ Мухьэдинрэ Геттуев Максимрэ зэдатха «Долинск и розэхэр» уэрэдыр КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият** щIгъэзащIэм КъБКъУ-м къафэмкIэ и «Каллисто» театрым (унафэщIыр КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Романихинэ Иринэщ**) хэтхэр утыкум къыщыфащ, пшыхьым кьрихьэлIа хьэщIэхэм розэ плъыжь дахэхэр иратащ. «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Атэбий Игорь** зи унафэщIым, игъэзэщIащ «Пасэрей къафэр».

Адэкlэ утыкум кьыхьащ уэрэдыкIалакIуэ цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзэ артист **Мэремыкъуэ Хъусен,** КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и дэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Мартин** зи унафэщI «Кавказ пшэплъхэр» пабджьащIэ къэфакIуэ гупыр, «Минги Тау» уэрэдыр жиIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Текуев Амур.**

«Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъэхэр» къэрал къэфакIуэ гупхэм хэтхэмрэ «Каллисто» театрым и артистхэу XVI лIэщIыгъуэм щыIа уэрэд гъэдахэр зыщыгъахэмрэ зэгъусэу ягъэзащIэ хореографие теплъэгъуэри кьызэхуэсахэм хуабжьу ягу ирихьащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Налшык къалэ, 2007 гъэ, фокIадэм и 7, 8, 9.

Нарышкин Сергей и тыгъэ.


Урыс члисэм и лIыкIуэр мэхъуахьуэ.

Мемориал щIэкIыпIэр къызэIуахащ.

Марие и фэеплъ сыным унафэщIхэм удз гъэгъахэр трагъэхьащ.

Адыгейм и тхьэмадэм и тыгъэ.

Аргуэру зы зэIущIэ дахэ: Кьанокъуэ Арсенрэ Максютэ Николайрэ .

● Тхьдэ

Лъабжьэ быдэ

Мы махуэхэм ди республикэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр бэм Iофу ягу къызэринэжьынум шэч хэлъкъым, сыту жыпIэмэ, адыгэхэм я тхьдэм къыдэтэджу лIэщIыгъуэхэм ди нобэм къахьэса Iуэхугъуэ ин щыIэныгъэм и тыншэщи. Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур дгъэлъэпIэн и пэ кьихуэу зэман жьыжьэм къуэпс быдэкIэ зэрыубыдауэ щытта лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам теухуауэ ятхари жIари мащIэжьам, а махуэм хуэфащэу ирихьэлIэн папшIэ зэфIагъэкIахэри куэд мэхъу. ЗытращIыхьа пIалъэр къыщIысым ди республикэм и щIыхьэр зы упгъуэхуэу зэхьыхьри, гукъыдэж инрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу гуфIэгъуэр дэнэкIи щIэтат, зэкъуэшыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ зыгъэбыдэ, зыигъэпсэу Iуэхугъуэ дахэхэр кьыхэзрагъэпэщащ.

Фокlадэм и 8-ри гъэнщIауэ щытащ апхуэдэ зэхьыхьэ гукъинэжьхэмкIэ. ЩIэрыщIэу зэрагъэпэщыжа Гъэмахуэ театрым (Театр Щхьэнтий) а махуэм щыхьэхуэ щызэхуэсат. Ахэр зэхьыхьат Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъу гуфIэгъуэм хиубыдэу мыбы щекIуэкIыныхэр зрагъэпIагъуну. Республикэм и Президент **Кьанокъуэ Арсен** зэIущIэр кьызэIуиха нэужь, кьытхуеблэгъа хьэщIэ лъапIэхэр зэхуэсахэм яригъэцIыхуащ икIи япэ псалъэр лъиГэсащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэ **Козак Дмитрий.**

«Сэ иджыри зэ си нэгу щIэкIащ Тхьэшхуэм фи республикэр фIыуэ кьызэриIыгъур. Псом хуэмыдэу, мы гуфIэгъуэ махуэхэм», - кьыщIидзащ абы и псалъэмакъыр гушIэ дахэкIэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Лъабжьэ быдэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр щIызэхыхьа Iуэхугъуэшхуэм ди блэкIамрэ ди къэкIуэнмрэ я дежкIэ иIэ мыхьэнэ кьытеувыIа нэужь, ар кьеджащ Президент **Путин Владимир** къыгъэхьа къуэхъум:

«ПщIэ зыхуэсщI Арсен Башир и кIуэ, республикэм и цIыху гуапэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуамкIэ сыныбохъуэхъу. Фи республикэм и тхьэдэр Урысей гъащIэм къыгъэхьIэ имыIэу епхаущ. Фэ ипэжьIэкIэ фригушхуэ хъунущ фи щIыпIэ дахащэм, абы щыпсэухэм я щэнхабзэм, фи хэкуэгъуэ цIэрыIуэхэм. Экономикэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, социальнэ IэнатIэхэм зэпIэзэрыту заужьыи щхьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ Iэмал хъарзынэхэр иIэщ. Лъэпкъхэм я кум зэгурыIуэныгъэ зэрыдэлъым, фи лъахэм фызэрыхуэсакъым, фи лэжьыгъэ хьэлэлым зэхъуэкIыныгъэфIэкIэ къаззэрадкIуэфэсу си фIэщ мэхъу. Мамырыгъэ, зэIуэпэщыныгъэ, фIыгъуэ фиIэну псоми сыныбохъуэхъу».

Къэралым и Унафэщым къыбгъэдэкIа тхыгъэ гуапэм кьеджа нэужь, **Козак Дмитрий** къигъэлъэгъуащ щIызэхыхьа Iуэху дахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысей Федерацыми я гуфIэгъуэу зэрыщытыр, ар мыз-мытIэу зэманым зэригъэнэхуар.

«Урысей Федерацым хэту Къэбэрдей-Балъкъэрыр экономикэ, социально-политикэ, щэнхабзэ зыужьныгъэ я лъэныкъуэкIэ нэрылъагъуэу ятэкIэ кIуэтащ. Къэралым и цIыху цIэрыIуэхэм мымащIэу яхэтщ фи республикэм щыщхэр. Абыхэм ину дрогушхуэ.

Налшык кьалэм теплъэщIэ игъуэтащ, жылагъуэхэр зэIуэпэщ ящI, фи цIыхухэр лэжьэкIэщIэхэм тогушхуэ. А псоми фIы кьрокIуэри, дяпэкIи нэхъри фефIакIуэну си гуапэщ», - кьыхихьащащ абы.

Урысей Федерацым и Правительствэм и Тхьэмадэм и кьуэдзэ, Правительствэм и Аппаратым и УнафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэнымкIэ кьыззэгъэпэщакIуэ комитетым и Iэтащхьэ **Нарышкин Сергей** кIэщIу и гугъу ищIащ япэ къэбэрдей лIыкIуэхэр Мэзкуу зэрыщыIам, пэзныкъуитIри зэрыуБыда нэужь, зэгъуэгъуэкIуэ гъэзугъанэм, адыгэхэм Урыс пащтыхьым пэжу кьуныкIуэ хуащIэу зэрыщытам, абыхэм зэрахьа лIыгъэм.

«Хэку зауэшхуэр кьыщыхъеям Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху мин 60-м щIигъу фронтым Iухьащ, ди щхьэхуитныгъэм папщIэ мин 40-м я псэр ятащ. МафIэ лыгъэйм кьыщагъэльагъуэ хахуагъэм папщIэ фи щIалэ 33-м Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр кьыфIащащ, 6-м «Щыхь» орденым и нагъыщищри кьыхуагъэфэщащ. Орденрэ медалрэ зратахэр куэд мэхъу.

Мы гуфIэгъуэ махуэхэм дэ дигу кьыдогъэкIыж а псэззэпытхьапIэ зэман хьэпIэм ди нэхъыжьхэм, ди адэжьхэм ягъэхъахэмэрэ я фэм дэкIамрэ икIи я фэепIэ нэхум пщIэ худощI»,- жиIащ Нарышкин Сергей.

Ар кьытеувыIащ гуфIэгъуэм зыщыкъуэдгъахьэзырым республикэм и унафэщIэм зэфIагъэкIаxэм, абы и лъэныкъуэкIэ яубзыхуэхэр и кIэм нагъэсын папщIэ, федерал бюджетым щыщу сом мелуан 450-м нэблагъэ кьызэрыхьуаутIыпщам, ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм арэзы зэрытехъуэм.

И псалъэм и кIэухэу **Нарышкин Сергей** Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIэхэмрэ и цIыхухэмрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Васильев Юрий** зэхуэсахэм кьахуеджащ палатэм и тхьэмадэ **Грызлов Борис** и хъуэхъум.

«Урысей Федерацым и Къэрал Думэм кьыбгъэдэкIыу фи махуэшхуэмкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуамкIэ сыныбохъуэхъу. Къэбэрдейр, иужькIэ Балъкъэрыр Урысейм зэрыхыхьауэ щытам кьрикIуэр фIыщ. Абы республикэм щыпсэу пIэлпхъэм Iэмал хъарзынэ хъаритащ кьадекIуэкI щэнхабзэр, я бзэр, я хабзэхэр яхъумэжьынымкIэ, апхуэдэу Урысей кьэралым Кавказ Ищхьэрэм зыщигъэбыдэнымкIэ. Зэгъуэгу кьыззэдакIуэ лIэщIыгъуиплIэ ныкъуэр и щыхьэт наIуэщ Урысей Федерацым и лIэпIкъэр зэкъуэту игъащIэкIи кьызэрызэдекIуэкIынымк. Мы лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыужьынныгъэ нэрылъагъуэр егъуэт икIи Илъэ Федерацыр щIыналъэм хуэфащэ увыпIэ щиIыгъщ. Ар я фIыщIэщ республикэм и нобэрей унафэщIхэм. ЗэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыху гуащIафIэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьулейщ. Ахэр я лэжьыгъэфIкIэ, я IуэхущIафэ дахэкIэ я лъахэмэ, зэрыщыту къэралми я зыхуэгъэпсыгъуэ, республикэм и лIыхъужьхэм, ар хуабжьу я гуапэ хъуащ. Сыту жыIэпIэ, а Iуэхур ди деж зэрыщыззэтраубламэ, ар ящ. Сыту жыIэпIэ, а Iуэхур ди деж зэрыщыззэтраублам абы и фIыщIэ хэльщ. Езы «Автозапчасть» заводми тхыдэ ягъуэлей иIэщ. Предприятэм кьыщIигъэкIхэм ди къэралми, нэгъуэщI щIыпIэхэми щIэупщIэшхуэ зэрыщащIэм и щыхьэ тщ, ар зэкъым зэрыщыгъэкIуар «Урысейм и къэрал щIыпIэ нэхъыфIи 100» жыхуиIэ зэпеуэм. «Кавказ Ищхьэрэ - 1999» фестивалым медалрэ дипломрэ кьыщихьащ, «И фIагъымрэ и ефIэкIыныгъэмрэ папщIэ. Женевэ - 2001» епхыныгъэм - дыщэ дамыгэр, 2003 гъэм и лэжьыгъэм кьриплъам ипкъ иткIэ промышленностым дэIэпыкъуныманкIэ Франджы къэрал Ассоциацэм и «Дыщэ медаль SPI» дамыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ. Фэ зытелъкIапсэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщIэзыгъэкI «Кавказкабель» ЗАО-р предприятэ лъэрыгъехьэщ. Ди гуфIэгъуэм кьеблэгъахэм ящыщхэри абы щыгъуаззу кьыщIэкIащ. Заводым и Iэщ1агъэлIхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, я продукцэр куэду кьыщагъэсебэп Урысейм и экономик эм зезыгъэужь IэнатIэ лъэщхэу «ТНК-ВР»-м, «Лукойл»-м, «Сибнефть» компаниэм, «РЖД» ОАО-м, «ЕЭС» РАО-м. Езы предприятэр «Электрокабель» ассоциацэм хэтщ.

Заводыр етуГу эпыгъщ кьыщIигъэкI продукцэм и фIагъым зэрызхигъэхьуэным. Абы и щыхьэтщ «Урысейм и хьэпшыпI нэхьыфIи 100» жыхуиIэ лъэпкъ программэ-зэпеуэм и дипломхэр, Американ-Урысей сатупромышленнэ палатэм, кIэщIыгъэхьэми я медалхэр кьызэрыуагъэфэщащ.

«Прохладнэ ятуплородник прибор завод» ОАО-р ядолажьэ, «Элтрэ» ОАО-м (Ржевск), «Эйт» ОАО-м (Самарэ), «Самарэ-АвтоПрибор» ООО-м, «БАТЭ» ОАО-м (Бетарусь), «Радиоволна» ГРУПП-м (Беларусие), Урысейм и нэгъэщI кьаIэхэмрэ хамэ кьэралхэмрэ. «Гидрометаллургэ» акционер обществэ зэйухам игъэхьэзыр продукцэри IэнатIэ кьэдым кьыщагъэсэбэп. Илъэс 45-рэ хьуауэ абы пыщIэныгъэ быдэ кьыхуаIэщ Урысейм рэхамэ къэралхэмрэ я компаниехэм. КьащIутэмэ, акционер обществэм кьыщIигъэкIэ яхурегъашэ Австриемрэ, Бельгиемрэ, Инджылызыемрэ, Германиемрэ, Израильми, Испаниемрэ, Люксембургми, Словакиемрэ, США-м, Чехиемрэ, Швециемрэ, Франджым, ЮАР-м, Японием, нэгъуэщIхэмми.

Выставкэм щагъэльагъуэ IэнатIэ куэдым кьыщагъэсэбэп Iэм Iэмсымэу я заводхэм щагъэхьэзырхэм яущыщхэр. Абыхэм яIэ efIэкIыныгъэр зыхуэдэр предприятитIым я Iэщ1агъэлIхэм щIэупщIэхэм гурагъэIуэщ.

Ди деж лэжьэкIэщIэхэм нэхъ щытегушхуэу хуежьащ. Апхуэдэхэм я жэрдэмыр республикэм и унафэщIхэм Iыгъ. ИльэситI хуауэ Урысей Илщэм и IэнатIэ пэрытхэм яхэтщ хадэхэкIхэм хэкъуэзауэ елэжь «Агро-Плюс» ООО-р. Егупсысауэ яужь ихьэри, абы и унафэщIэм Iуэхум кьрашэлIащ Италием, Германиемрэ, Венгриемрэ щыщ Iэщ1агъэлIхэр. Технологие пэрытыр кьыззрагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ, цIыху 500-м лэжьыгъэ ираты фащ. Мы зэманым жылагъуэм зэрехьэ щыуэ гектар 1222-рэ. Абыхэм щегъэкI горох, нащэ, помидор, кьуэнтхьрей, щыбжий, кьэбыстэ, нэгъуэщI кьэкIыгъэхэри. ЛинэщIэхэр ягъэващи, абыхэм IуэрылIарылъагъуу щIагъэпсынщIэ, хэхьуэфIи кьалэжь. «Агро-Плюс» обществэм кьыщIигъэкI фIэIуГъэ лIэужьыгъуэ псори банкI дахэхэм ильу выставкэм щагъэльэгъуащ, абыхэм я фIагъыр зыхуэдэм щыуэ зыкухэр ирагъэплащ.

«Жызым» цIыхубэ предприятэ» акционер обществэ зэхуэщIам щагъэхьэзыр коньякымрэ щагъыбгъэмрэ щIыпIэ куэдым кьыщацIыху. Псом япэу ар зрахьэлIэр абы и унафэщI, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, фIагъымрэ маркетингымкIэ Дунейпсо Академием щIыхь зиIэ и академик Тхъэ лыджокъуэ Сэфарбийщ. ЩIэупщIэ зиIэ а фадхэжьIхэм республикэм феИщ кьыхуахь. Ар кьыщыхагъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» жыхуиIэ мэкъумэщ-промышленнэ выставкэм.

Выставкэм кьекIуэлIахэм яльэгъуащ псэуныгъэр кьыззыгъэпэщ IэнатIэхэм хуэмхуэмурэ зыкъыззраужьыжыр. Абы и щыхьэтщ предприятэ, организацIэ инхэми уней Iуэхущ1ап1эхэми выставкэм кьызадаша кьэхьпшпхэр, Iэмэпсымэхэр, ерыскъыхэкI кьэрыкIейр.

Щхьэзакъуэрылажьэхэми, фермерхэми, экономикэм и зыужьныныгъэм хэлэжьыхьхэми адрей IэнатIэхэми, кьапщтэмэ, «Щэджэм щагъыр ерыскъыпром», «Кэнжэ ерыскъы комбинат» ООО-хэм, «ЗЭГ» дагъэ заводым, «Термес-Нижэ» ЗАО-м хуэдэхэм, щыIэ хабзэхэм тету къэпшащ.

Iэфыкlэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри кьыщIэзыгъэкIхэм я бжыгъэм хэхьуэ ху, нэхъри дыззрефIэкIуэнум щэч хэлъкъым. Ар наIуэ кьыщащ цIыху куэд дыдэ зэкIуэлIа, пщыхьэщхьэ хьуху зэхэта «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» жыхуиIэ мэкъумэщ-промышленнэ гъэльэгъуэныгъэм.

АРУАН Алий.

● Iуэху дахэ

Феплъ къудей

ФокIадэм и 8-м махуэр зи кIыхьагъым ХьэтIохъущокьуэм я жыг хадэм цIыхухэр щыIуву щытащ. Ахэр хуэпIащIэрт парк ихьэпIэ нэхъыщхьэмрэ гъэмахуэ театрымрэ (Театр ЩхъуантIэмрэI) зэпызыщIэ гъэугу бгъуфIэшхуэм и лъэныкъуитIымкIи зэщIэкъуауэ щаукъуэдия гъэльэгъуэныгъэхэм еплъыну.

ШэДЖАГЪУЭ хэу а тхыгъэм «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» зыфIаща мэкъумэщ-промышленнэ выставкэм хэткэр я пIэм щиззгъам. Абы куэду кьрашэлIат къэралIуэхущIапIэ инхэм, хьэрычэтыщIэхэм, мэкъумэщыщIэ, фермер хозяйствэхэм, щхьэзакъуэрылажьэхэм, фирмэ кьэхьэжьахэмрэ нэхъ щыкIуэхэмрэ я Iэдакъэщ1экIхэр. Гъэльэгъуэныгъэр - Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум теухуати, республикэм и унафэщIхэм ящыгъуэу хьэщIэ к уэди абы еплъынут. Жылагъуэхэм кьикIаxэри уэру кьекIуэлIэрт.

Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен я пашэу выставкэм щыIа хьэщIэ лъапIэхэм яльэгъуащ зэхуэпса, гъэщIэгъуэн ящыкъуэ Iэджэ. КьащIтэмэ, гъэльэгъуэныгъэм щагъэуват «Бахьсэн Автозапчасть» завод» ОАО-м ипэу щызэпырыальа «Волжанин» автобусыщIэр, Волгоград областым и губернатор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныбжьэгъуфI Максютэ Николай ар хуабжьу я гуапэ хъуащ. Сыту жыIэпIэ, а Iуэхур ди деж зэрыщыззэтраублам абы и фIыщIэ хэльщ. Езы «Автозапчасть» заводми тхыдэ яхьулей иIэщ. Предприятэм кьыщIигъэкIхэм ди къэралми, нэгъуэщI щIыпIэхэми щIэупщIэшхуэ зэрыщащIэм и щыхьэ тщ, ар зэкъым зэрыщыгъэкIуар «Урысейм и къэрал щIыпIэ нэхъыфIи 100» жыхуиIэ зэпеуэм. «Кавказ Ищхьэрэ - 1999» фестивалым медалрэ дипломрэ кьыщихьащ, «И фIагъымрэ и ефIэкIыныгъэмрэ папщIэ. Женевэ - 2001» еплъыныгъэм - дыщэ дамыгэр, 2003 гъэм и лэжьыгъэм кьриплъам ипкъ иткIэ промышленностым дэIэпыкъуныманкIэ Франджы къэрал Ассоциацэм и «Дыщэ медаль SPI» дамыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ. Фэ зытелъкIапсэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщIэзыгъэкI «Кавказкабель» ЗАО-р предприятэ лъэрыгъехьэщ. Ди гуфIэгъуэм кьеблэгъахэм ящыщхэри абы щыгъуаззу кьыщIэкIащ. Заводым и Iэщ1агъэлIхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, я продукцэр куэду кьыщагъэсебэп Урысейм и экономик эм зезыгъэужь IэнатIэ лъэщхэу «ТНК-ВР»-м, «Лукойл»-м, «Сибнефть» компаниэм, «РЖД» ОАО-м. «ЕЭС» РАО-м. Езы предприятэр «Электрокабель» ассоциацэм хэтщ.

Заводыр етуГу эпыгъщ кьыщIигъэкI продукцэм и фIагъым зэрызхигъэхьуэным. Абы и щыхьэтщ «Урысейм и хьэпшыпI нэхьыфIи 100» жыхуиIэ лъэпкъ программэ-зэпеуэм и дипломхэр, Американ-Урысей сатупромышленнэ палатэм, кIэщIыгъэхьэми я медалхэр кьызэрыуагъэфэщащ.

«Прохладнэ ящыщ полупроводник прибор завод» ОАО-р ядолажьэ, «Элтрэ» ОАО-м (Ржевск), «Эйт» ОАО-м (Самарэ), «Самарэ-АвтоПрибор» ООО-м, «БАТЭ» ОАО-м (Бетарусь), «Радиоволна» ГРУПП-м (Беларусие), Урысейм и нэгъэщI кьаIэхэмрэ хамэ кьэралхэмрэ. «Гидрометаллургэ» акционер обществэ зэйухам игъэхьэзыр продукцэри IэнатIэ кьэдым кьыщагъэсэбэп. Илъэс 45-рэ хьуауэ абы пыщIэныгъэ быдэ кьыхуаIэщ Урысейм рэхамэ къэралхэмрэ я компаниехэм. КьащIутэмэ, акционер обществэм кьыщIигъэкIэ яхурегъашэ Австриемрэ, Бельгиемрэ, Инджылызыемрэ, Германиемрэ, Израильми, Испаниемрэ, Люксембургми, Словакиемрэ, США-м, Чехиемрэ, Швециемрэ, Франджым, ЮАР-м, Японием, нэгъуэщIхэмми.

Выставкэм щагъэльагъуэ IэнатIэ куэдым кьыщагъэсэбэп Iэм Iэмсымэу я заводхэм щагъэхьэзырхэм яущыщхэр. Абыхэм яIэ efIэкIыныгъэр зыхуэдэр предприятитIым я Iэщ1агъэлIхэм щIэупщIэхэм гурагъэIуэщ.

Ди деж лэжьэкIэщIэхэм нэхъ щытегушхуэу хуежьащ. Апхуэдэхэм я жэрдэмыр республикэм и унафэщIхэм Iыгъ. ИльэситI хуауэ Урысей Илщэм и IэнатIэ пэрытхэм яхэтщ хадэхэкIхэм хэкъуэзауэ елэжь «Агро-Плюс» ООО-р. Егупсысауэ яужь ихьэри, абы и унафэщIэм Iуэхум кьрашэлIащ Италием, Германиемрэ, Венгриемрэ щыщ Iэщ1агъэлIхэр. Технологие пэрытыр кьыззрагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ, цIыху 500-м лэжьыгъэ ираты фащ. Мы зэманым жылагъуэм зэрехьэ щыуэ гектар 1222-рэ. Абыхэм щегъэкI горох, нащэ, помидор, кьуэнтхьрей, щыбжий, кьэбыстэ, нэгъуэщI кьэкIыгъэхэри. ЛинэщIэхэр ягъэващи, абыхэм IуэрылIарылъагъуу щIагъэпсынщIэ, хэхьуэфIи кьалэжь. «Агро-Плюс» обществэм кьыщIигъэкI фIэIуГъэ лIэужьыгъуэ псори банкI дахэхэм ильу выставкэм щагъэльэгъуащ, абыхэм я фIагъыр зыхуэдэм щыуэ зыкухэр ирагъэпл

Джылахъстэней пщыIэм деж.


Театр Щхъуантiэм и гъащIэщIэ.


КIуэкIуэ Валерэ и фэепIъ сыныр кьызэIуахащ.

Адыгэхэм я щIэблэ дахэ.

Юбилайм и щIыхькIэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫРэзым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуар щагъэлъэпIа махуэхэм Налшык почтамтым и унэм щекIуэкIащ «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэу» жьыхуIэ фэепIъыр зытещIыхьа художественнэ конвертыщIэм штемпель тегъэуэнырь. Апхуэдэ конвертыр ящIу щIадзащ икIи и бжыгъэкIэ мин 30 хьуэу Урысейми, дуней псоми щызэбгрыкIынущ.

Художественнэ конвертыщIэм трагъауэ штемпелыр «Марка» ИТЦ-м щагъэхьэзыращ икIи къагъэсэбэпу щIадзащ. Илъэс 450-рэ юбилейм техуха яп конверт гупым а штемпелыр хутрагъэуащ филателистхэм я Урысейпсо обществэм и Къэбэрдей-Балкъэр къудамэм и правленэм хэтхэм.

ЧАНИЕВЭ Тамарэ.

Зэкъуэтыныгъэм и дамыгъэ

● ЗэIущIэхэр

ФокIадэм и 7-м «Интурист» хьэщIэщым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен щаIущIащ федеральнэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лЫкIуэхэмрэ ди республикэм и журналистхэмрэ. ЗэIущIэр техуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум.

ЗЭХУЭСЫР кьызэIуаха нэужь, Къанокъуэ Арсен фIыщIэпхуэ яхуищIащ махуэпхуэхэр республикэм зэрыщекIуэкIым кIэлъыплъыну икIи ар яхуэзыгъэгъэжьну журналистхэм.

- Илъэс 450-рэ илэжкIэ Урысейм зэгурыIуэныгъэ езыщIыдIа ди лъахэзгъэхэр гъуэгу пэж теуват. Тхыдэр и щыхьэтщ абы. Лъэпкъ цIыкIухэм я щынхабзэр, анэдэлъхубзэр щахъумэфынур Урысей къэралыгъуэм и зы Іыхьэу щыткIэрэщ, - кIыхьитэщащ Президентым. - Нобэ хуэдэ гуфIэгъуэхэращ къэралым щыпсэу щIыхуэхэр зэзышалэр, я акъылхэр, Іуэхущ Іафэхэр зэтехуэ зыщIыр. КъыжьтIэнщи, мы махуэпхуэм хуабжьу зыхуэдгъэхьэзыращ. Абы екъэлIа Іуэхугъуэ псори тэмэму зэфIэха хъун папщIэ, сом мелуан 330-рэ кьытхуаутIыпщащ. Абы ди дежкIэ мыхьэнэпхуэ иIэпщ, сыту жыпIэмэ социальнэ IэнатIэм ухуэныгъэ зыбжанэ щызэфIэха хъущ. Псалъэм папщIэ, Хьэсэней жылэм ЩынхабзэмкIэ унэ дэтщIыхьащ, еджакIуэ 1100-рэ зыщIэхуэн школхэр кьызэIутхащ, гъуэгущIэхэм лэжьан щIадзащ.

Адэкъ республикэм и унафэщIыр кьытеувыIащ ди щIыпIэм иIэ щыщащ, ноби-экономикэ щытыкIэм. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым тIукIэ хигъэхъуэфащ, илъэс бжыгъэкIэ я пIэм ижьыхьуэ щыта социальнэ проект зыбжанэм гъуэгу ягъуэтащ. Апхуэдэхэщ гъуэгуэр зыхуей хуэгъэзэжьныр, хъарычэтэпщIэхэм я Іуэхум зеГъэужьныр, промышленнэ, мэкъумэщ Іуэхущ Іапэхэр зэрэтIэжьныр, ахэр сыт и лъэныкъуэкIи дэIыгъныр.

Къанокъуэм зэрыжиIамкIэ, республикэр зыужьныгъэмрэ efIэкIуэныгъэмрэ я гъуэгум тетщ.

- Псом я щхьэр щIыхубэм я гупсысэм, я ІуэхущIафэм, ахэр зыгъэIейтей Іуэхугъуэхэм щыгъуазэ зытщIынырщ икIи щIэгъэкъуэн дахуэхъунырщ, - жиIащ Президентым. - Дэ дыхуейщ ди республикэр псэукIэ зэпIэзэрыт здэщыIэ щыналъэ хъуну, абы и экономикэм, инвестицэ фондым нэхъри заужьыну. Абы хуэгъэзащ экономикэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ комитет къызэдгъэпэщам и лажьыгъэр. Республикэм ифI къызыхэкI Іуэхугъуэхэм ящыщщ ар къэралпсо, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэм щIэх-щIэхыурэ зэрыхэотыр.

ЗэIущIэм къырихьалIахэр Президентым щыгъуазэ зыхуищIахэм ящыщщ республикэм и зыужьныгъэм хуэгъэпса программэ щхьэхуэр. 2022 гъэм нэс тещIыхьа а дафтэрым къыщыгъэлъэгъуащ щыналъэр зэребгъэфIэкIуэфыну Іэмалхэр.

- Хуей хъумэ, зэхъуэкIыныгъэ халъхьэурэ, программэм къыщыхьа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр нобэ гъащIэм хапщэ. «Налшык» курортхэр къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжмэ, абыи фейдэшхуэ кьытхуихьынущ. Апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм фIым уху имышынкIэ Іэмал иIэ къым. Урысей Ипщэм хьыхь щыналъхэм я экономикэ зыужьныныгъэр иджыпстуи къэплъытэмэ, ди республикэр унэгIыныгъэ зыбжанэм пэрыт щыхъуащ. Ар уэзыгъэгуфIэщ икIи гугъэфIхэр уэзыгъэщI Іуэхугъуэщ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, зэман кIэщIым къриубыдэу ди щIыналъэр екъулIэныгъэшхуэхэр зиIэ, псэукIэ екIу щызэтеубла щIыпIэ хъунущ, - кьыхихьэбелджыныкIащ Къанокъуэм. - Зыужьныгъэмрэ екъулIэныгъэмрэ я гъуэгу пэжым дыдэрытетым и щыхьэтщ зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ зяку дэлъ щIыху минхэр махуэшхуэр зэгъуэсу ягъэлъэпIэну Налшык и уэрам бгъуфIэхэм нобэ кьызэрытехьар. Ар фIыгъэщхуэщ.

Кьызэхуэса журналистхэм я упщIэхэм жэуапхэр яриткIэрэ, Президентым кьыхигъэщащ езыр гукIи псэкIи щIыхубэм я гъусэу, абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэр зыхищIэу зэрыщытыр. Апхуэдэу абы яжриIащ республикэм и къалащхьэм зыужьныныгъэпхуэ зэригъуэтынур. Псалъэм папщIэ, абы щаухуэнущ аквапарк, цирк, мылыльэ уардэуэнэ. КъэкIуэну илъэситхум къриубыдэу псэупIэ унэ куэд зэратынри кьыхигъэщащ.

- Дэ мурадышхуэхэр диIэщ. Ахэр ехьэлIащ, псом япэрауэ, щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным. Аращ иджыпсту псори дыдыхуэлажьэр, - жиIащ зэIущIэм и кIэухыу Къанокъуэ Арсен. - Илъэс 450-рэ хъуауэ дызыхэт Урысей къэралым щIыхьышхуэрэ пщIэ лъагэрэ дыщиIэныр - аращ ди лъэпкъ напэм къезэгъащ.

БОЛЭТ Арсен.

Бизнесменхэр къыхуэдгъэсымаджэщхэм ядэIэпыкъуну

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и мурадщ КъБР-м сымаджэхэм щеIэзэ и Іуэхущ Іапі Іэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным республикэм и бизнесмен нэхъ лъэрыхьхэр я мылькукIэ кьыхигъэувыну. А Іуэхум щхьэзакъуэрыдажьэхэмрэ къэралымрэ зэдзэйуэ елъэжьынущ. Апхуэдэ зэрэлъэжькIэм и ищ лъэбакъуэр Бахьсэн районым щачащ абы и администрацэм и Іэтащхьэ Къаздохьу Альберт и жэрдэмкIэ. Абы ди щIыпIэм, Москва щыщ хъэрычэтыщIэхэм я гъусэу сом мелуан 12,5-рэ хьу спонсор дэIэпыкъуныгъэкIэ районым и медицинэ Іэнатэм зыщIигъэкъуащ.

КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭ лъэбакъуэр щачыну я мурадщ Аруан районым щIыхухэм щеIэзэ и Іуэхущ Іапі Іэхэм. Абы екъэлIауэ лъэныкъуэхэм я зэпсэлъэныгъэр щекIуэкIащ Аруан район сымаджэщым. Бизнес нэхъ лъэрыхьхэм ящыщу абы кьыхихьлIат «ЭРПАК» ЗАО-м, «Нальчикдорстройматориал» ОАО-м, «Агро+» ООО-м я лЫкIуэхэр.

«Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкIэм сэ сыщрихьэлIащ Армавир, - сымаджэщым и пщIантIэм щекIуэкI зэIущIэм щыжиIащ Къанокъуэ Арсен. - Абы дэт лъхуапIэ унэр зэгъэпэщыжьын хуейуэ ильэсипщIкIэ щытащ. Иджы а Іуэхущ Іапі Іэр хьарзынэу зыхуей хуагъэзащ. Си гугъэщ апхуэдэ лэжькIэр ди деж щыхэтпщэ хьуну. Абы щхьэкIэ зыхуейр Аруан районым хьэрычэт щызыщIэ е а куейм щыщу нэгъэущI щыпIэ щыIэ бизнесменхэр зэгъусэу Іуэхум яужь ихьэныр щ. Абыхэм ящыщ гуэрхэр я Іуэхум хэтыну хуэмейм, абы щхьэкIэ ахэр зыми игъэкъуэншэнкъым. Ауэ, дауи, Іуэху щхьэпэр къыддаIыгъмэ гуапагъэщ».

Зи гугъу тщIы жэрдэмыр икъукIэ гурыхь щыхъуащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Бицу Вадим: «Сымаджэхэм щеIэзэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр нобэ псом яп игъэщIапхъэщ, - жиIащ абы, - икIи дэ икъукIэ дыщогуфыкI лъэныкъуэкIэ хущыныгу а Іуэхум къыхихьэну Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм бизнесменхэм зэрызыхуагъэзам. Аруан районым и гугъу пщIымэ, мыбы псом япэрауэ щызэгъэпэщыжьын хуейщ сымаджэщ унэжьхэр».

КъБР-м и Президентыр чэнджэщэгъу хъуащ унэжьхэр зэгъэпэщыжьныр мыхъуу, атIэ сымаджэщым и кIуэлIапIэ гъуэгуэр егъэфIэкIуэным къыщыщIадзэну: «ИтIанэ сымаджэщ унэхэр зэгъэпэщыжьным нужь фихьэ. Унэхэр зыхуей хуэвгъэзэху, сымаджэхэр здэвгъэIэпхъуэн фиIэ?». ЗэраIэр къищIа нэужь Къанокъуэ Арсен жиIащ: «Хъарзынэщ, фынакIуэ, иджы сымаджэщыр зыхуэдэм дептынщ». КъызэрыщIэкIамкIэ, сымаджэщ пэщхэр зехьэн зэрыхуейр куэд щIащ: «Феплыт, - жиIащ Къанокъуэ Арсен штукатуркэр къызыкIэрыхуа щIыпIэхэр яригъэлъагъуурэ, - мыбы сымаджэм и узынщагъэр щызэфIэувэжыну ущыгугъэхьуп?» Президентыр епсэлъащ сымаджэщым и лэжьакIуэхэми. Санитаркэм и улахуэр зыхуэдизыр кьищIа нэужь абы жиIащ:

- Фэ, дауи, кьыгуроIуэ фи лэжьапщIэр зыхуэдизын хуейр ищхьэмкIэ, федерацэм, зэрыщагъэувыр, ауэ дэ дегупсысынщ ди къарукIэ дыдзэрывдэIэпыкъуфынум. Дауи, ныкъусаныгъэ псори зэуэ тхэгъэзэжкIуэжьынкым, ауэ Іэмал имыIэу дэжьащIэм и Іуэхум иужь дихьэнщ, сымаджэщыр зэгъэпэщыжьныр зыфIэкIа нэужь.

Кьыщежьэжьым, Къанокъуэ Арсен ахэр кьигъэгугъащ аргуэру къахихьэну: «Лэжьыгъэм тедгъэкIуэдынум и сменгэ зэхэтхьэн икIи сымаджэхэр гъэIэпхъуэным щIэдзэн хуейщ».

- Псори зэхэту сыт хуэдизэ а Іуэхум ахьшэу текIуэдэнур? - щIэущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэмкIэ и министр Ерчэн Темболэт.

- 2006 гъэм щыIа уасэхэмкIэ сом мелуан 26-рэ, - иритащ абы жэуап Къанокъуэ Арсен. - А ахьшэ бжыгъэм и Іыхьэныкъуэр си фондым къыхэкIынущ, адрей Іыхэ ныкъуэр къывбгъэдэкIын хуейщ районым и хьэрычэтыщIэхэм. Щыхъэм уадэIэпыкъуныр Іуэхуфщ.

Районым и администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, зи гугъу ящIа лэжьыгъэм щIадзэнущ тхьэмахуэ зэхуакуитI-щы нэхъ дэмыкIыу.

МЕЧИЕВ Ахьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я предсэдатель ГъэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Зэныбжьэгъугъэм и тхыдэ

● ТхылъыщIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхыль тедзапIэм кьыдигъэхIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм щIыщыгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутныгъэхэмкIэ я институтым изэхьэзыра лэжьыгъэщхэр, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ куэд щIадзэ зэрыс лъэпкъыщIэхэм зэрыкьутым, абы и ІуэжьыфIхэм техуэр.

ТХЫЛЪЫР дунейм кьытехьащ пIалъэ пIэм - Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Ар кьызэIуех Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен итха псалъапэм. Абы кьыхощ адыгэхэм Урысейм иращIыIа зэгурыIуэныгъэм и мыхьэнэр зэрыныр, ди лъэпкъхэм гъуэгуанэщхуэ къызэрызэдакIуар.

Тхылъыр Іыхьипл Іу зэхэлъщ. Ящ Іыхь зытеухуар Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ епщIанэ IэщIыгъуэм кьыщыщIэдзауэ епщыкIубгъуанэм нэс Урысейм зэрыдэпсэуа, зэрыдэгъуэгурыкIуа щIыкIэрщ. ЕтIуанэ Іыхьэм кьыхэщIыбгъэ 1820 - 1917 гъэхэм екIуэкIа Іуэху нэхьыщхьэхэр. Ещанэ Іыхьэр топсэлъыхь Совет властым и зэманым ди лъэпкъым ягъуэта зыужьныгъэшхуэхэм. ЕплIанэ Іыхьэм кьегъэлъагъуэ зэманым щIэ щIыгъэ зэрыхъуэр, и щIыналъэм граждан обществэ щыIэ зэрыхъуэр, экономикэ, гуманитар Іуэхуэхэр (егъэджэныгъэр, литературэр, щэнхабзэр, гъуэзджэр) зэрыщефIэкIуар.

Гу зылъытапхъэщ зи гугъу тщIы тхылъым щIэныгъэлI куэд дыдэ я лэжьыгъэхэр тегъэщIапIэ зэрыхуэхъуар, зэманыщIэм и нэщэнэхэри Іупщ Іу зэрыщытлъагъур.

ЩЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

ХьэрэкъытIэхэм жэщ уафэр ягъэдахэ.

Налшык къеблэгъащ "Челси" гупыр.

МОЛЭ Исхьэкъ:

● Ди псэлъэгъуэхэр

Ди зэпыщIэныгъэхэм фIы къытхудокIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум техуэу махуэшхуэхэм хэтыну Налшык кърагъэблэгъат хамэ къэрал зэхуэмыдэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр.

Хамэ щIыпIэхэм щыпсэу адыгэхэм я псэукIэр зыхуэдэр къэтщIэнымкIэ нужьрей ильэсхэм Іэмал нэхьыбэ диIэ хъуами, я хьыбар щIэх-щIэхыурэ кьытIэрыхьэми, хэкум кьэкIуэжа дэтхэнэ зыми дыIущIэныр, я Іуэху зэрыдэкIым тедгъэпсэльыхьынырщ сытым дежи тфIэнгъуэщ. Апхуэдэ мурадкIэ дыгъуасэ зыхуэзгъэзащ Иорданием щыIэ Адыгэ Фыщ Іэ Хасэм и тхьэмадэ Молэ Исхьэкъ.

Молэ Исхьэкъэрэ абы и щхьэгъусэ Умар Лизэрэ.

- Исхьэкъ, ди щIэдзыкIа кIуэхэм нэхъ гъунэгъуу укъеогъащIыхумэ ди гуапэ, Иорданием кьыщалъхуа уэ уи гъащIэр кьызэрекIуэкIам, иджыпсту уи псэукIэм дыщIэупщIэнут.

- ИлъэС куэдкIэ уэлIэбэкIыжмэ, хэхэс гъащIэ дыджкIэр зи натIэ хьуа адыгэхэм яхэхуат си адэшхуэ-анэшхуэри. Си адэ-анэр кьызыхэкIа лъэпкъыр ящIэжу, я анэдэлъхубзэр зэрызыщамыгъэгъуащIэным иужь ity апхуэдэ ти, дэри дызэрыадыгэр дигу илъу дыкъэхъуащ, хьэрыпыбзэ фIэкIа зэрызэхэдмыхым кьыхэкIыу бзэм мащIэу гугъу дыдехьами, нобэ ди лъэпкъэгъуэм даэзрыгуры Іуэм тIурыльщи, Алыхьым и фIыщIэщ.

Сэ Амман сыкьыщалъхуащ, курыт еджапIэр абы кьыщыдэхурри, Лондон щIэныгъэ нэхьыщхьэ щызэпэгъуэтащ. Еджэныр кьэзуха нэужь, сыщалъхуа къэралым къэзгъэзэжри, дзэм илъэс 33-кIэ сыхэтащ кхъухьлъатэм сису. 1999 гъэм генерал сыхьхуауэ сыкьыхэжьыжащ. Абы нужькIэ Хьэшимит къэралыгъуэм и лЫкIуэу Оман сыщыIащ, илъэсищкIэ абы сыщылэжьащ.

Си щхьэгъуэгъэ Умар Лизэ сэрэ хьыджэбзитIри щалитIрэ диIэщ, пщащэхэр унагъуэ ихьащ, зы щIалэми кьедгъэщащ. Псоми щэныгъэ зрагъэгъэтауэ, Іэнатэ пэрытщ.

- Пенсэм ухуэ нужькIэ кьыщIэкынщ, иджыпсту узыпэрыт Іэнатэм ущеувэлIар?

- Аращ. Амман кьыщыгъэзэжам, си ныбжьэгъу Адыгэ Фыщ Іэ Хасэм и тхьэмадэу сыщытыну кьыслухуагъэльэгъуати, схуэгъэщIэхьуакъым. Илъэсрэ ныкъуэрэ хьуауэ я кьалэныр согъэщIэ.

- Фи Хасэм щызэрахьэ Іуэхухэм нэIуасэ дыхуащIат гъэмахуэм щыкIуэхэр Налшык зыгъэпсэхуакIуэ кьызыщыгъ Іэбанэщ Зыжьхьэрэ Іутlэ Ашрафрэ. Ауэ хасэм адыгэхэм я дежкIэ иIэ мыхьэнэм, абы щызэхуэсхэм я жьэгум иIэ мыхьэнэщхуэр.

- Фи ныбжьыщIэхэр ильэс къэс зыгъэпсэхуакIуэ кьызэрывгъакIуэм нэмыщи, КъБКъУ-м щежьэхэри щыIэщ...

- Пэжщ, зэгурыIуэныгъэ зэдоощIыпIэри, жэрдэм зиIэхэр Налшык еджакIуэ кьыдогъакIуэ - икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэ зэхьыщхьэ щызэзыгъэтъуэта куэдым Іэщагъэлl хьарзынэхэр къьхэкIуэ нагъэзэж, Іэнатlэ зэхуэмыдэхэми пэрохь. Хьэрыпхэм хьарзынэу ядогъуэ урыкIуэ адыгэ дохутырхэри, щIэныгъэлIхэри, юристхэри. КъыхэгъэщIапхъэщ адыгэхэм къулыкъу лъагэхэр дзыхь кьызэрыхуащIыр. Абыхэм гу кьыIлъатэ зыыгъыкIэ екIу зэрагъэмкIэ, хабзэ зэрахэлъымкIэ.

- Зи Іуэху я къэралым щызэтеубла хьуа адыгэхэр хэкум дауэ кьыхущыт , Исхьэкъ?

- Хэкужьым къэзгъэхьэжьыну хуэмей зы адыги щыIэу кьыщIэкIынкъым, дэнэ кьэрал щыпсэуми. Ар мытыншми, дэтхэнэми и гур хуопабгъэ «хэхэсхэ» кьыщемыджэну щыпIэм щыпсэуну.

Адыгэ псори занщIэу зэхуэпшэсыжу, зы щыпIэм ибгъэтIысхьэжьынырщ кьыззэремызэгъыр сощIэ, ауэ дыззэпызыщIэ гъуэгур нэхъ гъунэгъу зэрытщIыным иужь дитыпхъэщ. ЗыгъэпсэхуакIуэ, зыплъыхьакIуэ дыкъэкIуэж къудей мыхьу, дыззэдэлэжьэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зегъэужьным хэлЫфыкIыфын куэд диIэщ дэ, я ахьшэр Франджым, Инджылызым, нэгъуэщI къэралхэм хуагъэлажьэ у. АтIэ ахэр инвестор у щхьэ кьигъэсэбэп мыхьурэ Хэкужьым? Абыхэм Налшык щаухуэфынутэкъэ хьэщIэщхэр, сымаджэщхэр, нэгъуэщI хэри? Абыкъэ жысIэну сызыхуейращи, ди зэпыщIэныгъэхэр зэдгъэбыдылIаэ, зы дыкъужьныкъуэ сэбэпышхуэт.

Епсэльар

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Билан Димэ Налшык и хьэщIэщ.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ

Шы спортым дихьэхэм фIыуэ яIущэрт Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ фокIадэм и 9-м кIыхьалхьэну зэхьэзэхуэр кIыхьрыгуэкIыу зэрыщIыкIыну. Апхуэдэуи кIыщIэкIащ - махуэшхуэ зэпеуэм хуагъэхьэзрат зи цIэр жыжьэ Iуа щыгъажэщ лърыхь куэд.

ШЫГЪАЖЭщХУЭМ щИдзэн и пэ къихуэу, Iуэхур езыгъэкIуэкIыр къеджащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и хьэсхум:

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум иредгъэхьэIа «Iуащхьэмахуэ и Кубокыр» жыхуиI дунейпсо шыгъажэм хэтхэм фIэхьус сэлам фызох. Мы зэхьэзэхуэхэм республикэм и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм мыхьэнэщхуэ щагъбыд. Шы гъэхъуныим ди республикэм и тхыдэм щиIа мыхьэнэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шым пщIэщхуэ хуащIу кIыхьзрекIуэкIыр къэпытыгэмэ, ар гурыIуэгъуэ мэхъу.

Нобэ Надшык шыгъэжащIэм щызэхуэзэнущ Урысейм и шы нэхъыфIхэмрэ къэралым и шууейр нэхъ Iэзэхэмрэ. Зэпеуэм хэтынухэм екъулIэныгъэ фиIэну, абы еплъынухэм гукъыдэж вгъуэтыну си гуапэщ».

Я́пэу щIызэпеуар Надшык къалэм и призырщ. Километр 1600-м кIыщIызэджахэм я деж бжыгъэр щиубыдащ «Русь» ООО-м и хуарэ, США-м кIыщалъхуа Коу-Кет. Мастер - тренерыр Сыжажэ Борисщ, шуейр Бахъуэ Мухьэмэдщ. «Русь» ООО-м и унафэщI Сэкрэк Владимирр абыхэмрэ призыр яритащ Надшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэмгъуокъу Леонид.

Ипщэ федерал округым и призым папщIэ зэпеуар илъэсищ хьу хуарэхэр. Сом мин 500 хьу саугъэтыр зыгъэувар КъБР-м и Президентым и фондырт.

Удихьэху икIи зэпIэплъауэ километри 2-рэ метр 800-р кхъыжажэм ятекIуащ Португалец щыгъажэщыр. Ар ейщ Къэрмокъуэ Гъумар зи унафэщI «Конкурент» агрофирмэм. Тренер-мастерыр Алокъуэ Тимурщ, къэзыгъэжар япэ категорие зиIэ шууей ПщыкI Амирщ. ТекIуахэм призыр яритащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэ Ипщэ федерал округым щыIэм и Аппаратым и федерал инспектор нэхъыщIхэ Меркулов Александр.

Республикэм и Президентым и призыр ещанэт. Абы папщIэ саугъэту хуагъэувар сом зы мелуан хьурт. Метр 2000-р псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къижри, бжыпIэр иубыдащ Бриф Флойд щыгъажэщым. Мастер-тренерыр, Сафонов Александрщ, къэзыгъэжар Передерий Анатолийщ.

КъБР-м и Президентым и призыр текIуахэм щаритым, Къанокъуэ Арсен журналистхэм упщIэкIэ зыкъыхуагъэзащ. Республикэм и лIыщхьэм къыхигъэщащ сыт хуэдэ гуфIэгъуэри щIыхухэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ езыт Iуэху щхьэпэкIэ дэIыгъын, нобэ ирагъэкIуэкI лжьыгъэфIэр нэхъ псынщIэу и кIэм нагъэсын папщIэ, лъэпкъхэр зэрыIыгъуу, ди къэкIуэнум теухуауэ дэтхэнэми ихъ жэуап лIыныгъэр нэсу зыхищIэу щытын зэрыхуейр.

ЕплIанэу чэзыр зылтысар Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхихьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэува саугъэтырщ. Ар кIыхьхуащ ШэшэнРеспубликэм и Президент Кадыров Рамзан и унагъуэшым. Зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырар тренер Колесников Сергейщ, мастер-шууейр Петин Сергейщ. Кадыров Рамзан приз яритащ текIуахэм яритащ.

Иужьрей зэпеуэм - Iуащхьэмахуэ и Кубокым - хуагъэуват сом мелуанрэ мин щитхуэрэ. Призым сом мин 750-рэ хьу и япэ саугъэтыр къэзыхьэхуар Албаков Хьумид и Чейзинг Спай унагъэушырщ.

Зэхьэзэхуэр щызэпагъэуэхэм, ди къафакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ зыкъагъэлъэгъуащ. Шыгъажэщхуэр иухыу хьэщIэхэр екъжьхыу гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр зэпагъэуакъым.

ДЖЭХУ Хьисэ.

«Нартхэм я щIыналъэ»

Республикэм и къалэхэрэм районхэмрэ я творческэ гупхэр зыхэт Iуэрыгуатэ зыкъэгъэльэгъуэныгъэр, «Нартхэм я щIыналъэ» зыфIащар, фокIадэм и 9-м и пщыхьэщхьэм Абхъазым и утым щекIуэкIащ.

УТЫМ и лъэныкъуитIымкIи щегъэувэкIат шу пщыIэхэр, хьугъуэфIыгъуэхэм зытет Iэнэ тельыджэхэр. Апхуэдэрэ зэ, пщыIэм и хьэрыгкIэ, Налшык, Бахьсэн къалэхэм, Шэрэдж, Шэджэм, Бахьсэн, Аруан, Лэскэн, Iуащхьэмахуэ, Тэрч, Дзэлыкъуэ районхэм, Прохладнэ къалэ округым утыку кьрахьахэр. Абыхэм я хьэщIапIэ-пщыIэхэм кьыдэкIуэу, пщыхьэщхьэр ягъэдахэрт, махуэшхуэм и мыхьэнэр нэхьри ягъэIнырт, яIэтырт. Утыкум кьыщыфэ, уэрэд щыжызыIэ гупхэм.

ШэщыгъуэУ кьыззрагъэпэща Iуэрыгуатэ зыкъэгъэльэгъуэныгъэм кьрихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильяс**, Правительствэм и Унафэщ **Яриф Андрей**, абы и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ**, щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ министр **Тут Заур** кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри. ХьэщIэхэр япэу еблэгъащ «Налшык» пщыIэм. Абы и кьыззгъэпэщакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор ЩIыпIынэ Аслъэн зэрыжиламкIэ, Президентыр къэкIуэн-кьэмыкIуэным, хуэIыхьэн-хущIэмыхьэным аэр щыгъуазэу щытакым, «пасэрей щыкIуэ кьыфтеуэ жыпIэмэ, Президентыр кьыттеуащ», - жеIэ абы. Ауэ ахэр бэлэрыгъатэкъыми, екIуу ирагъэблэгъащ, адыгэ зэпэбаши́м щIагъэкIри (адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьадекIуэкI хабзэщ, зэгуэсэхэр ерыскъэ зэрыязэхэр пэжыныжмкIэ, зыпэрыхьэ Iуэхур и кIэм зэрянагъэсынумкIэ тхьэрыIуэ зэрызыIэпах щыкIэщ) адыгэ пщIантIэм дашащ, махъсымэ кIадэр трахри, бжьэ ирагъэфащ. Налшык кьалэ округым и администрацэми езыми кьыбгъэзэкIыу хьуэхьуащ ЦIыпIынэ Асльэн. Абы кьыхигъэщащ Кьанокъуэ Арсен фIыщIэ зэрыхуищIыр икIи ди щIыгум и лъэпкъхэр зэрыпсэущIтхэуIуам кьыхэкIыу, гуапэу е кьэжьуащ.

- Ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъым псальафэу, и дуней тетыкIэу, и Iужу зехьэкIэу зы диIэщ: бгъэбиймэ, уигъэбиифынущ, бгъэныбжьэгъуэ, уигъэныбжьэгъуэ, ИщIэ Iэнатlэхэмкlэ министр **Тут Заур** кьалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Х